



Pou Piblikasyon Imedya: 26/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE MEZI POU PWOTEJE NOUYÒKÈ YO KONT MALADI RESPIRATWA NAN OTÒN AK IVÈ SA

*Depatman Sante Eta New York avèti ke ka COVID-19, grip sezonye ak virus respiratwa sensityal yo ap ogmante; kapasite lopital yo limite nan kèk rejon*

*Gouvènè a te resevwa vaksen kont grip epi ankouraje Nouyòkè yo pou yo pran vaksen kont grip ak COVID-19 ak dòz rapèl yo epi kenbe distans, mete mask ak respekte ijyèn pandan mwa tan fredi yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a mezi Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York ap pran pou sansibilize ak pwoteje Nouyòkè yo kont enfeksyon virus respiratwa k ap pwopaje otòn sa a epi ta dwe kontinye jiska ivè a. Responsab sante yo ap ankouraje publik la pou yo pran mezi ki vize sispann pwopagasyon maladi enfektye yo pandan ka grip sezonye, COVID-19 ak virus respiratwa sensityal la ap ogmante avèk plis Nouyòkè ki rete andedan kay la akòz tan ki pi frèt.

"Nou p ap fè bak nan batay nou kont maladi respiratwa ki ka touye moun — nou te prepare pou sezon fredi a, epi nou pare", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Eta New York ap pran mezi pou bay lopital ak depatman sante lokal yo oryantasyon pou asire nou kenbe Nouyòkè yo an sekirite ak an sante. Pi bon posiblite nou pou pwoteje tèt nou ak Nouyòkè parèy nou yo kont maladi respiratwa yo se nan kontinye pran vaksen, rete ajou nan dòz rapèl yo, epi pratike bon ijyèn".

Gouvènè Hochul te resevwa vaksen kont grip sezonye li jodi a epi li te ankouraje lòt Nouyòkè pou yo resevwa vaksen kont grip ane sa a pou pwoteje yo kont enfeksyon. Vaksen kont grip la disponib pou nenpòt moun ki gen 6 mwa oswa plis, epi li rekòmande anpil pou moun ki gen maladi kwonik, jèn timoun, ak moun ki ansent - yo tout gen plis risk pou yo devlope konplikasyon grav nan grip la.

Nan kòmansman otòn sa a, Depatman Sante Eta a te pibliye yon [Avi Enfòmasyon sou Sante](#) konsènan maladi respiratwa nan lopital, depatman sante lokal yo, laboratwa, sal ijans, ak founisè medsin fanmi, swen primè, pedyatri, medsin adolesan, maladi enfeksyon, newoloji, ak pwofesyonèl kontwòl enfeksyon. Byenke sa pa espesifik pou nenpòt virus, avi a te mete aksan sou ogmantasyon ospitalizasyon kalite maladi sa yo lakòz epi li founi resous federal.

Pi bon defans kont virus respiratwa a se resevwa vaksen kont grip sezonye ak COVID, rete ajou nan dòz rapèl COVID-19 (ki gen ladann dòz rapèl bivalan COVID-19 ki fèk otorize pou moun ki elijib), kenbe distans sosyal, mete mask nan anviwònman ki gen anpil moun, epi sèvi ak bon ijjèn, tankou lave men souvan.

DOH ap siveye kapasite lopital rejyonal yo epi angaje lopital ak sistèm swen sante ki ka resevwa kantite pasyan ki pi plis pase nòmal nan depatman ijans yo ak inite pasyan ki entène yo. Si ou malad epi gen sentòm yon virus respiratwa, konsilte pwofesyonèl swen primè ou.

**Komisè Depatman Sante Eta New York Ia, Doktè Mary T. Bassett, te deklare,**  
"Pandan sezon virus respiratwa a kòmanse, ki gen ladan COVID-19, grip, ak virus respiratwa sensityal (RSV), sentòm yo pou tout twa maladi yo gendwa pa ka distenge, epi pou pifò majorite timoun ki pi gran yo, maladi sa yo pa grav. Pandan n ap tann yon vaksen RSV, nou gen de mesaj senp pou paran ak responsab yo: asire w pitit ou a ajou nan vaksen COVID-19 li, epi pran vaksen kont grip pou timoun ki gen 6 mwa oswa plis. Menm si pitit ou a vin malad, yo montre efè vaksen yo diminye severite maladi a. Si ou gen enkyetid sou pitit ou a, pale ak yon pedyat oswa yon lòt pwofesyonèl swen sante. Si tibebe w la te fèt twò bonè oswa li frajil, ou ta dwe chèche konsèy medikal bonè".

### **Virus Respiratwa Sensityal**

Virus respiratwa sensityal la se yon enfeksyon sezonye ki reprezante yon risk pou ti bebe ki poko gen 6 mwa ak moun ki gen pwoblèm iminitè, avèk sentòm ki sanble ak refwadisman komen, sòti nan yon tous pèsistan ak souf anlè rive nan lafyèv. Pandan ke virus komen sa a gaye anjeneral pandan mwa otòn ak ivè yo, responsasb DOH yo wè ka RSV nan New York nan kòmansman ane sa a.

Pou ogmante sansibilizasyon sou RSV, DOH pral founi yon alèt enfòmasyon bay founisè swen sante ak swen timoun, ansam ak enkòpore mesaj edikatif ak prevansyon nan konvèsasyon yo avèk tou de. DOH pral itilize rezo sosyal yo tou pou gaye mesaj la atravè yon mesaj video Doktè Bassett epi li ap mete ajou enfòmasyon sou [sitwèb](#) li pou mete enfòmasyon enpòtan sou transmisyon sa a ak lòt maladi respiratwa viral.

Pandan ke pa gen vaksen pou RSV, asirans kouvrì tès ak tretman li. Nouyòkè yo ki gen pwoblèm kouvèti pou virus respiratwa sensityal (RSV) oswa nenpòt lòt swen ki medikalman nesesè ka [depoze yon plent](#) bay Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) Eta New York la.

### **Grip Sezonye**

Menm jan ak RSV, done preliminè yo endike sezon grip la kòmanse pi bonè pase nòmal ane sa a, se poutèt sa DOH mande Nouyòkè yo pou yo pa pran reta pou yo pran vaksen kont grip anyèl yo. Ajans lan kenbe yon [swivi chak semèn](#) ki montre ka grip atravè eta a pandan tout sezon siveyans grip la, ki se oktòb jiska me ane sivil ki vin apre a.

Nan kòmansman mwa sa a, DOH te lanse [kanpay edikasyon piblik anyèl](#) li, ki raple adilt ak paran yo pou yo pran vaksen kont alafwa grip ak COVID-19 pou tèt yo ak timoun ki gen 6 mwa oswa plis. Yo te bay apeprè 3 milyon vaksen kont grip jiska 26 oktòb.

## **COVID-19**

An menm tan, Eta New York ap prepare pou yon ogmantasyon nan enfeksyon COVID-19, ki te ogmante pandan mwa otòn ak ivè yo pou de ane youn apre lòt. Ka yo modere nan moman an - ant apeprè 10 ak 25 pou chak 100,000 moun nan chak rejon - menm si admisyon lopital yo te ogmante epi kounye a yo ant apeprè de a twa pou chak 100,000 nan chak rejon.

COVID-19 kontinye gen yon enpak ki pa pwopòsyonèl sou popilasyon vilnerab yo, tankou gramoun aje ak moun ki gen pwoblèm iminitè yo. Pandan uit semèn ki sot pase yo, 60 poustan admisyon nan lopital pou COVID yo se te pasyan ki gen 65 ane oswa plis.

Dapre Plan Aksyon pou Otòn ki te elabore ete pase a, DOH te kontinye pran mezi pou amelyore preparasyon Eta a pou yon ogmantasyon potansyèl nan enfeksyon otòn ak ivè sa a. Plis pase 2.6 milyon tès COVID-19 pou lakay te distribye nan lekòl atravè eta a, avèk disponiblite yon lòt 30 milyon tès pandan ane k ap vini an.

Ajans lan ap travay nan tèt kole tou ak founisè yo ak depatman sante lokal yo pou ankouraje vaksen kont COVID-19 ak dòz rapèl bivalan yo, kote timoun ki gen 5 ane oswa plis ka resevwa yo pou pwoteje yo kont enfeksyon. Anplis pran vaksen kont grip ak COVID-19, gen kèk fason pratik pou evite trape ak gaye viris RSV, grip ak COVID-19 nan otòn ak ivè sa a:

- Lave men ou souvan avèk savon ak dlo cho pandan omwen 20 segonn pou kapab pwoteje tèt ou kont jèm yo epi evite pwopaje yo pami lòt moun yo.
- Pote avèk ou yon dezenfektan pou men abaz alkòl ki gen omwen 60 poustan alkòl pou ou itilize lè savon ak dlo pa disponib.
- Pa touse oswa etènye nan men ou yo. Olye de sa, kouvri bouch ou ak nen ou ak yon mouchwa.
- Rete lakay ou si w malad.
- Mete yon mask ki kouvri nen ak bouch ou si ou gen sentòm.

DOH ap kontinye siveye dlo ize pou transmisyon COVID-19, sa ki pral pèmèt responsab sante yo detekte potansyèl vag atravè eta a. Menm jan an tou, ajans lan pral kontinye kowòdone ak depatman sante lokal yo pou mete lòt sant tanporè pou bay pwoteksyon empòtan sa a bay kominote kote pouvantaj vaksinasyon yo ba.

###